# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–18 मार्च 2024** **भोजपुरी समाचार**

निर्वाचन आयोग आजु एगो बड़हन फैसिला लेत छौ गो राज्यन के गृह सचिवन के हटवले क आदेश जारी कइले हवे। ऐह राज्यन में उत्तर प्रदेश, बिहार, गुजरात, उत्तराखण्ड, झारखंण्ड अउर हिमाचल प्रदेश सामिल हवे। एकरे अलवे चुनाव आयोग पश्चिम बंगाल के पुलिस महानिदेसकों के हटवले क आदेश दिहले हवे। ई फैसिला मुख्य चुनाव आयुक्त राजीव कुमार अउर चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमार आ सुखबीर सिंह सन्धू के बइठकी में लिहल गइल।

**********

रामपुर जिला क एमपी–एमएलए कोर्ट आजु पूर्व मंत्री आजम खान के डूंगरपुर मामिला में सात साल कैद क सजा सुनवले हवे। एकरे सथहीं उनके उप्पर पांच लाख रूपिया क जुरमानों लगावल गइल हवे। आजम खान के सथहीं कोर्ट रामपुर नगर पालिका क पूर्व अध्यक्ष अजहर अहमद अउर पूर्व क्षेत्राधिकारी आले हसन के सथहीं अउरियो चारि लोगिन के सजा सुनवले हवे। येह सज्जो लोगिन पर रामपुर के डूंगरपुर बस्ती में एगो जमीनि पर कबजा कइले के नीयति से घर में घुसि के मारिपीट, तोड़फोड़ कइले अउर जान से मरले क धमकी दिहले क आरोप लागल रहे।

**********

लोकसभा चुनाव बदे बहुजन समाज पार्टी उत्तर प्रदेस के चारि गो संसदीय सीटिन बदे ओम्मेद्वारन का घोषण कइले हवे। पार्टी कानपुर लोकसभा सीटि से कुलदीप भदौरिया, अकबरपुर से राजेश द्विवेदी, बागपत से प्रवीण बैंसला अउर मेरठ लोकसभा सीट से देवव्रत त्यागी के ओम्मेदवार बनवले हवे।

**********

आजमगढ़ जिला क लालगंज संसदीय क्षेत्र से बहुजन समाज पारटी क सांसद संगीता आजाद आजु भारतीय जनता पारटी में सामिल हो गइलिनि। संगीता आजाद के सथहीं उनकर पति पूर्व विधायक आजाद अरिमर्दनों भाजपा में सामिल हो गइलें। एकरे अलावे निर्भया अउर हाथरस प्रकरण से चरचा में आइल सीमा कुशवाहो बहुजन समाज पारटी छोड़ि के भारतीय जनता पारटी क सदस्यता ले लिहले हइनि। उन्हें नई दिल्ली में भाजपा मुख्यालय में सदस्यता दियावल गइल।

**********

लोकसभा चुनाव के देखत कई गो जिलन में मतदाता जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कइल जा रहल हवे। कौशाम्बी में आजु जिला निर्वाचन अधिकारी राजेश कुमार राय डायट परिसर से मतदाता जागरूकता स्कूटी रैली के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि येह रैली क उद्देस्य सज्जो ओटरन के ओट डारे बदे प्रेरित कइल हउवे। अमरोहा अउर पीलीभीतो में आजु मतदाता जागरूकता क कार्यक्रम आयोजित कइल गइल।

**********

मुजफ्फरनगर जिला में काल्हि ढेर राति एगो सिपाही चन्दौली जिला के बैरठ निवासी अउर बनारस में सेवारत सिक्षक धर्मेन्द्र कुमार के गोली मारि के हत्या कै दिहलस। बनारस के पुलिस लाइनि में तैनात आरोपी सिपाही चन्द्र प्रकाश सिक्षक के साथे यूपी बोर्ड क हाईस्कूल परीक्षा क कापी जमा करावे मुजफ्फरनगर आइल रहे। घटना के बाद सिक्षक संगठनन में ढेरे आक्रोस बाटे। आजु मुजफ्फरनगर, जौनपुर, अमरोहा के सथहीं कई गो जिलन में सिक्षक लोगि बोर्ड इंतिहान के मूल्यांकन कार क बहिस्कार कइ के परदरसन कइलें। येह बिच्चे उत्तर प्रदेश माध्यमिक शिक्षा परिषद क निदेशक डॉक्टर महेन्द्र देव घटना पर दुख जतावत कहले हवें कि आरोपी सिपाही के पुलिस हिरासति में ले के कठोरतम कार्रवाई सुनिस्चित कइल जा रहल हवे। सथहीं, सिक्षक के परिवार के आरथिक सहायता देवे बदे सासन से अनुरोध कइल गइल हवे।

**********

लोकसभा चुनाव के सकुसल सम्पन्न करावे बदे चलावल जा रहल अभियान में प्रयागराज पुलिस एगो अवैध असलहा फेक्टरी क खुलासा कइले हउवे। ई फेक्टरी नैनी में एगो जरजर बिल्डिंग में चलत रहे। येह मामिला में पुलिस कई गो असलहा बरामद कइले के सथहीं पांच गो अभियुक्तन के गिरफ्तार कइले हउवे।

**********

ब्रज क विस्व प्रसिद्ध रंगोत्सव में आजु बरसाना में लट्ठमार होली क आयोजन कइल जा रहल हवे। लट्ठमार होली खेले बदे हुरियार नंद गांव से बरसाना पहुंचि गइल हउवें। हेलीकॉप्टर से फूल बरसा के उनहन लोगिन क स्वागत कइल गइल। लट्ठमार होली में सुरक्षा क पुरहर इंतिजाम कइल गइल हवे। मथुरा क एसएसपी शैलेष कुमार बतवलें कि बरसाना के छौ जोन अउर पनरह सेक्टरन में बांटि के चप्पा–चप्पा पर पुलिसकरमियन क तैनाती कइल गइल हवे।

**********

बनारस के काशी विश्वनाथ मंदिर में रंग भरी एकादसी क सज्जो तइयारी पूरा हो गैल हौ। रंगभरी एकादसिये के दिन्ने काशी में सबसे पहिले बाबा विश्वनाथ अउर माता पार्वती के गुलाल लगा के होली क सुरूआति हो जाला। बीस मार्च के एकादसी के दिन्ने काशी विश्वनाथ मंदिर क पूर्व महंत कुलपति तिवारी के आवास से बाबा विश्वनाथ अउर माता पार्वती के चल प्रतिमा विश्वनाथ मंदिर बदे रवाना होई। राहि भर भक्त लोगि बाबा विश्वनाथ के साथे होली खेलिहें। रंगभरल एकादसी के तइयारी के बारे में बनारस क मण्डलायुक्त कौशल राज शर्मा बतवलें कि येह मौका पर सांस्कृतिक कार्यक्रमन के साथे भक्तन बदे प्रसादो क इंतिजाम कैल गैल हौ। उहां के बतवलीं कि सरधालुअन के ढेरि संख्या के धियान में रक्खत छाया के साथे पियले के पानियो क इंतिजाम मंदिर प्रसासन की ओरि से कैल जा रहल हौ।

**********